



## DNREC Ap Bay Nouvo Pèmi pou Ekspansyon Santral Seaford Bioenergy DevCo a, Ki Gen Ladan Pwodiksyon Byogaz

[Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònman nan Delaware](#) te anonse jodi a Sekretè DNREC Shawn M. Garvin te apwouve pèmi ki asosye ak ekspansyon [Bioenergy Devco](#), santral Seaford LLC – yon ekspansyon ki pral pèmèt konpayi a pwodui byogaz grasa operasyon konpostaj dechè òganik konpayi an sou sit la. Yon Dekrè Sekretè DNREC pibliye jodi a otorize Bioenergy Devco (BDC) pou konstwi yon sistèm dijeyon anayewobik, yon sistèm pre-tretman dlo ize ak yon izin transfòmasyon byogaz. BDC aktyèlman aksepte dechè òganik ki soti nan sous endistri bèt volay pou konpostaj.

Dekrè Sekretè DNREC a apwouve senk (5) nouvo pèmi pou BDC, tankou:

- Yon Pèmi Rekiperasyon Resous ki soti nan Divizyon Fatra ak Sibstans Danjere DNREC;
- De 7 DE Admin. Kòd 1102 Pèmi kalite lè natirèl minè ki soti nan Divizyon Kalite Lè DNREC; ak
- De (2) pèmi konstriksyon enstalasyon tretman dlo ize ki soti nan Divizyon Dlo DNREC.

Pèmi yo pibliye sou sitwèb DNREC a nan [de.gov/biodevco](https://de.gov/biodevco). Pwosesis pèmi pou pwodiksyon byogaz BDC a "te gen ladann yon gwo kantite sansibilizasyon ki prale ak k ap soti nan kominote a," Sekretè Garvin te deklare nan dekrè DNREC la. "Pèmi yo bay BDC yo reflekte aplikasyon yo soumèt bay DNREC, kòmantè piblik la bay sou zafè sa a pandan peryòd kòmantè piblik la ak odyans piblik 26 oktòb 2022 a, epitou yo konfòm avèk misyon nou pou pwoteje sante moun ak anviwònman an."

Depi divizyon DNREC ki afekte yo bay pèmi yo, Eta Delaware pral otorize BDC kòmanse faz konstriksyon agrandisman santral Seaford la. Lè konstriksyon an te fini epi DNREC sètifye, BDC pral kòmanse fè dijestè anayewobik la fonksyone san konte enstalsyon konpostaj ki la deja a. Dijestè anayewobik la pral pwodui gaz ak dijesta ki pi pwòp. Operasyon konpostaj nan santral BDC ki nan Seaford la kontinye pandan tout pwosesis otorizasyon an.

Depi operasyon Seaford elaji BDC a rive nan tout kapasite l, li pral trete yon kantite fatra òganik ki anviwon 250,000 tòn nan endistri bèt volay chak ane nan konpòs ki estab yo ka itilize nan rejyon an pou ranplase angrè chimik yo – ansanm ak byogaz la – gaz natirèl renouvlab – pou pwodui ak enjekte nan tiyo Chesapeake Utilities pou kliyan sèvis piblik Konte Sussex yo sèvi. Tretman fatra bèt volay BDC a ta dwe diminye chaj eleman

nitritif sou basen vèsan lokal yo, ede diminye polisyon ak koule eleman nitritif nan Delaware ak Chesapeake Bay.

**Konsènan DNREC**

Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònman nan Delaware pwoteje ak jere resous natirèl eta a, pwoteje sante piblik, bay opòtinite lwazi anplennè epi edike abitan Delaware yo sou anviwònman an. [Divizyon Kalite Lè](#) DNREC a siveye ak kontwole tout emisyon nan lè a. [Divizyon Kalite Lè](#) DNREC a jere ak pwoteje resous dlo Delaware yo. [Divizyon Fatra ak Sibstans Danjere](#) DNREC a asire yo jere dechè Delaware yo pou pwoteje lavi, sante, sekirite moun ak anviwònman an. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [sitwèb la](#) epi konekte avèk [@DelawareDNREC](#) sou [Facebook](#), [Instagram](#), [Twitter](#) oswa [LinkedIn](#).

**Kontak medya:** Nikki Lavoie, [nikki.lavoie@delaware.gov](mailto:nikki.lavoie@delaware.gov); Michael Globetti, [michael.globetti@delaware.gov](mailto:michael.globetti@delaware.gov)

###